


La Bib pou ti moun
prézanté



Yon chèf
tanp lan ale
lakay Jezi



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : M. Maillot; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon


Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.


Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.




Yon jou, lè Jezi t ale nan tanp lan, li te
jwenn kèk moun ki t ap dezonore kay Bondye
a. Yo t ap vann bèt ak chanje lajan anndan
tanp lan menm.



Jezi fè yon fwèt ak kòd, li te mete machann yo deyò nan tanp lan. Li di : "Wete tout bagay sa yo devan je mwen. pa fè kay Papa m nan tounen yon mache." Jezi te renmen kay Papa li a anpil.






Chèf yo te mande
pou yo wè yon siy
ki t'ava pwouve
Jezi te gen dwa
pou li netwaye
tanp lan. "Detwi
tanp sa a, epi m
ap rebati li nan
twa jou." Jezi te
reponn yo. Sa
enposib ! Yo te
pran karant-sis
jou pou te bati li.



Jezi t ap pale de kò li.
Menm jan ak tanp lan,
kò li se te kay Bondye.
Malgre Jezi t aprale
mouri sou kwa a, li te
konnen Bondye t ap ba
li lavi ankò sou
twazyèm jou a.





Yon jou lannuit,
youn nan chèf tanp
yo t ale vizite Jezi.
Akòz mirak li yo, li
te konnen se
Bondye ki te voye
Jezi. Nikodèm te
vini wè Jezi pou li
te kapab aprann
plis bagay sou
Bondye.





Jezi te di Nikodèm
moun yo te dwe fèt
yon lòt fwa pou yo
antre nan Wayòm
Bondye a.

Nikodèm pa te
konprann. Kijan
yon granmoun
kapab tounen yon
tibebe ankò ?


Anplis, li te relijye.
Èske sa pa t ase ?





"Sila ki te fèt
nan Lespri a se
Lespri, Jezi te
eksplike li.
Lespri Bondye a
tankou van.
Moun yo pa wè
van an, osinon yo
pa konprann li.
Yo sèlman wè sa
van an fè."






Jezi te fè Nikodèm panse ak pitit Izrayèl yo
ki t ape plenyen bay Moyiz nan tan lontan. Yo
t ap kriye : "Nou pa genyen ni manje ni dlo,
epi nou rayi pen Bondye te ban nou an."





Peché pèp la te fè Bondye
fache. Li te voye sèpan
pwazon yo nan mitan yo.
Sèpan yo te mòde pèp la, epi
anpil ladan yo te mouri.



"Nou te peche. Priye
Senyè a pou li retire sèpan
sa yo," yo te sipliye. Se
konsa Moyiz te priye pou
yo. Men, Bondye pa te
retire sèpan yo.



Bondye te di Moyiz pou li
fè yon sèpan an metal epi
mete l sou yon poto. "Tout
moun sèpan yo te mòde y ap viv
lè yo gade sèpan ki sou poto a,"
Bondye te pwomèt yo. Moyiz te
fè yon sèpan an kuiv, epi moun
ki te gade li yo te geri.






Jezi te di Nikodèm Pitit
Bondye a dwe mete anlè,
menm jan ak sèpan an
kuiv la. Jezi t ap pale
de kwa a kote li t
apral mouri pou
pechè yo.





Jezi te di: "Bondye tèlman
renmen mond lan, li bay sèl
Pitit Gason li a, pou tout
moun ki kwè nan li pa
janm mouri, men pou
yo genyen lavi k ap
dire pou tout tan
an (etènèl)."







Sa vle di tout moun ki
kwè nan Jezi te fèt nan
fanmi Bondye a.



Nikodèm petèt pa te vin disip Jezi jou swa sa a, men
plizyè lane apre sa, li te montre li te renmen Jezi ak
tou li te genyen lafwa nan li lè li te
ede antere Pitit Bondye a
ki te krisifye a.



Aprè vizit sa a, Jezi ak disip li yo te pati nan nò. Lòt moun te bezwen tande pale de Wayòm Bondye a epi pou yo te gen chans pou yo kwè nan Jezi, moun Nazarèt la, Pitit Bondye a.



Yon chèf tanp lan ale lakay Jezi

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Jan 2:3, Nonb 21


"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





41



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

